



# 10 fason byen fasil pou ankouraje timoun yo li pandan vakans lan

*Timoun ki fè lekti gen pi bon rezilta lekòl — Fè pitit ou li!*

1. Al fè yon kat pou pitit ou nan bibliyotèk piblik ki nan vil ou a. Kat la gratis!
2. Enskri pitit ou nan Pwogram Lekti Ete nan bibliyotèk la. L ap pwofite de anpil pwogram ak aktivite gratis: amizman, tire kont, konkou lekti, aktivite manyèl, etsetera.
3. Fè lekti ak pitit ou toulejou. Toujou mache ak yon liv pou ka pwofite ti tan lib ou jwenn pou li: nan bis ak nan tren, lè ap tann ka doktè oswa si ou nan ling nan makèt parekzanp.
4. Al ak liv lè nou pral nan lanmè, nan pisin, nan pak. Nou ka li si nou ap pran yon brek.
5. Chwazi lekti pou pwòp tèt ou epi diskite ak pitit ou sou sa ou ap li. Fanmi kote moun diskite sou sa yo li yo bay timoun ki ka fè bon jan lekti.
6. Al nan bibliyotèk chak semenn epi ankouraje tout moun nan fanmi an vini.
7. Si ou bezwen liv nan yon lang ki pa angle, ou te mèt mande bibliyotekè a pou l ede ou!
8. Lè ou ap gade televizyon, mete soutitraj la, konsa timoun yo ka li mo yo sou ekran an pandan y ap tande yo.
9. Kole yon lis sou pòt frijidè a pou make liv chak moun li firanmezi y ap li yo pandan vakans lan.
10. Dekouvri lemonn nan liv ou jwenn nan bibliyotèk nan zòn ou. Chwazi yon sijè ou panse ki ka enterese tout moun nan fanmi an konsa nou ka pataje enfòmasyon nou aprann nan lekti nou e nou ka diskite de yo tou.



**Pou plis infòmasyon al sou sit**

<https://www.nysl.nysed.gov/libdev/summer/>

*Summer Reading at New York Libraries se yon pwogram Office of Cultural Education ki nan New York State Education Department e ki reyalize gras a lajan Federal Library Services and Technology Act, pèmèt Federal Institute of Museum and Library Services bay New York State Library.*

New York State  
**Library**